



Kat kote travay yo pral fèt



Kontakte nou!

Ivette Funtanellas, P.E.

Manadjè Pwojè FDOT
Depatman Transpò Eta Florid (FDOT)
1000 NW 111 Avenue, Room 6251
Miami, FL 33172

Imel: Ivette.Funtanellas@dot.state.fl.us

Telefòn: (305) 470-5270

Faks: (305) 470-5480



Interstate 195 (I-195) | State Road (SR) 112 / Julia Tuttle Causeway

SOTI NAN NW 12 AVENUE RIVE NAN SR 907/ALTON ROAD

ETID PWOJÈ DEVLOPMAN AK ANVIWÒNMAN (PD&E)
MIAMI-DADE COUNTY, FLORIDA
NIMEWO JESYON FINANS PWOJÈ A: 440228-2-22-01
NIMEWO ÈD FEDERAL: Sa a pa ladan
NIMEWO (ETDM) PWOJÈ A: 14453

REZIME

Depatman Transpò Eta Florid (FDOT) ap mennen yon Etid Pwojè Devlopman ak Anviwònman (PD&E) pou wout I-195/SR 112/Julia Tuttle Causeway soti nan NW 12 Avenue rive nan SR 907/Alton Road. Pwojè a pral fèt nan vil Miami ak Miami Beach nan Miami-Dade County, Florida.

OBJEKTIF PWOJÈ A

Objektif prensipal etid sa a se ajoute sou travay etid Planifikasyon Pòsyon wout y ap fè etid sou li a epi evalye altènativ ki pote solisyon pou pwoblèm fonksyònman, redui blokis ki la kounye a ak blokis ki pral gen pi devan, prepare pou demann ki pral gen pou plis sikilasyon sou wout sa a akòz ogmantasyon popilasyon nan tout zòn nan ak ogmantasyon djòb nan zòn I-195 la. Men lòt objektif yo:

POTE AMELYORASYON POU WOUT PYETON PATAJE AK WOUT BISIKLÈT

AMELYORE KONEKSYON YO

ASIRE PWOTEKSYON MOUN

OGMANTE KAPASITE

KALANDRIYE

Etid PD&E sa a te kòmanse depi nan mwa jen 2022 epi yo prevwa l ap fini nan mwa Otòn 2025. Yo poko finanse faz pou fè desen plan pwojè a ak faz konstriksyon pwojè a. Y ap prepare devi preliminè pou bati pwojè a nan faz Etid Pwojè Devlopman ak Anviwònman an.

PRAN PA NAN PWOJÈ A

Piblik la jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis Etid Pwojè Devlopman ak Anviwònman an. Pral gen plizyè opòtinité pou moun vini nan reyinyon publik epi nan rankont y ap fè ak moun kle nan kominotè a, epi ak Ekip Konseye pou pwojè a epi nan reyinyon Gwoup Konseye kominotè yo. Y ap fè reyinyon sa yo pandan tout tan etid la ap fèt la. Se FDOT k ap fè evaliyasyon anviwònman an, kék konsiltasyon, ak lòt travay larval egzijé pou pwojè sa a oubyen se li ki te fè yo dapre regleman 23 U.S.C. § 327 ak yon Pwotokòl d akò ki te fèt nan dat 26 me 2022, epi se Administrasyon sa a "Federal Highway Administration" ak FDOT ki te mete li ann aplikasyon. FDOT ankouraje tout popilasyon an pran pa nan aktivite sa a san patipri pou keson ras, koulè, peyi kote yon moun soti, laj, séks, relijyon yon moun, si yon moun gen yon andikap, si yon moun marye oubyen li pa marye.

KONTAK POU PWOJÈ A:

MANADJÈ PWOJÈ FDOT

Ivette Funtanellas, P.E.
Depatman Transpò Eta Florid
Ivette.Funtanellas@dot.state.fl.us

1000 NW 111 Avenue,
Room 6251
Miami, FL 33172
Telefòn: (305) 470-5270

Nou envite w!

Tanpri vin chita pale ak Depatman Transpò Eta Florid la "Florida Department of Transportation (FDOT) nan rankont publik kòm yon altènativ konsènan pwojè sa a.

Nan reyinyon publik sa a y ap fè yon prezantasyon pwojè a epi kék manm nan ekip k ap travay sou pwojè a va reponn kék kesyon publik la poze sou plas.

Materyèl reyinyon yo te afiche sou paj wèb pwojè a <https://www.fdotmiamidade.com/i195pdestudy.html>

Lendi 26 fevriye 2024 | 6 p.m.

• RANKONT ANLIY:

Tanpri tcheke tout materyèl yo mete sou sitwèb la anvan w vin nan rankont anliy lan. Pou w pran pa nan rankont sa a anliy swa sou konpitè ou, sou tablet ou, oswa sou telefòn ou, sèvi ak lyen sa a pou w enskri: <https://bit.ly/I-195PDE-APM>

Moun k ap pran pa nan rankot sa a kab telefone ninewo o sa a +1 (415) 655-0052; kòd aksè: 972-392-638.

ESKANE POU W ENSKRI



Mèkredi 28 fevriye 2024 | 6 p.m.

• RANKONT AN PÈSÒN:

Little Haiti Cultural Complex
212 NE 59 Terrace, Miami, Florida 33137

Enskri anliy: <https://www.surveymonkey.com/r/I-195PDE-APM>

ESKANE POU W ENSKRI



Nan reyinyon publik sa a y ap fè yon prezantasyon fòmèl k ap kòmanse a 6:15 p.m., apre sa ap gen yon chita pale. Si gen ase tan y ap reponn kesyon moun poze, nan lòd yo resevwa kesyon yo. Si yo pa reponn kesyon w lan pandan rankont lan, y ap voye yon repons ba wou alekri. Si gen moun ki vle fè kék deklarasyon alekri, olye yo pale oswa apre yo fin pale, yo kapab remèt deklarasyon sa yo nan reyinyon an oswa voye deklarasyon yo bay Akonpatayè Anchèf Sansibilizasyon Kominotè pou zòn nan Alicia Gonzalez nan (786) 280-6645 oswa sou imel sa a: agonzalez@mrgmiami.com.

Dapre règleman Iwa Ameriken "Americans with Disabilities Act" la, nenpòt moun ki bezwen yon aranjman espesyal pou yo pran pa nan rankont sa a, nou konseye yo fè ajans lan konn sa omwen sèt (7) jou anvan rankont lan, y ap kontakte Tish Burgher nan (305) 470-5277 oswa ekri li nan adrès sa a FDOT, 1000 NW 111 Avenue, Miami, FL 33172 oswa sou imel han adrès sa a: Tish.Burgher@dot.state.fl.us.

FDOT pran angajman pou asire infrastruktì nan Eta a sèvi moun ki rete ladan, sèvi biznis yo, ak vizité yo pou yo mennen aktivite yo ni kounye a ni pi devan. Men kék nan avantaj pwojè sa a:



TCHEKE SIT WÈB NOU AN:

<http://www.southflroads.com/i195pdestudy.html>



SUIV NOU:

[@MyFDOT_Miami](https://www.facebook.com/MyFDOT_Miami)
[@MyFDOTMiami](https://www.youtube.com/@MyFDOTMiami)



Soti nan NW 12 Avenue rive nan SR 907/Alton Road

Pa bati anyen

Altènativ pou "Pa bati anyen" an se yon solisyon ki posib epi se yon solisyon yo toujou pwopoze nan Etid Pwojè Developman ak Anviwònman (PD&E) ki pran an konsiderasyon possiblité pou kite tout bagay jan yo ye a. Posiblité sa a pèmèt yo kompare jan sitiyasyon an ye a epi fè reparasyon yo pwopoze yo ak depans yo pral fè lè yo kontinye sèvi ak kote a jan l ye a.

Nan ka sa a, altènativ pou yo "Pa bati anyen" an va vle di kenbe kote a nan menm fòm li, jan l ap mache a, ak tout pwoblèm pwoteksyon li genyen yo nan kote yo pral fè pwojè a. Jan kote a ye nan zòn kote yo pral fè pwojè a pa kab akomode modèl koneksyon miltip ant Miami ak Miami Beach la. Si yo ta chwazi altènativ sa a li pa t ap rezoud oken nan pwoblèm ki nan pwojè sa a.

Men, y ap kenbe altènativ pou "Pa bati anyen" an kòm yon baz done kote y ap kab kompare tout lòt altènativ yo va prezante pandan pwojè sa a.

Deskripsyon zòn yo konsantre sou yo

Zòn entèvansyon 1 (FA1)

Li sitiye nan kòmansman limit pwojè a. Seksyon sa a kòmanse sou bò lèwès kwazman I-95 la epi l kontinye al nan direksyon Ès kwazman an. Seksyon sa a enkli tout mouvman ki an rapò ak kwazman I-95 la.

Zòn entèvansyon 2 (FA2)


Li sitiye sou bò Ès premye zòn yo konsantre sou li a. Seksyon sa a enkli I-195 sou direksyon lèwès North Miami Avenue epi sou bò lè Biscayne Boulevard.

Zòn entèvansyon 3 (FA3)

Li sitiye sou bò Ès Zòn entèvansyon 2 a. Seksyon sa a enkli amelyorasyon sou wout Julia Tuttle Causeway a.

Zòn entèvansyon 4 (FA4)


Seksyon sa a se dènye moso a. Li sitiye sou bò lè Zòn entèvansyon 3 a epi li gen ladan Kwazman Alton Road la ak zòn Mount Sinai Medical Center a.



Altènativ Bilan Amelyorasyon yo


Zòn entèvansyon 1 & 2 (FA1 & FA2)

Altènativ 1



Zòn entèvansyon 1 & 2 (FA1 & FA2)

Altènativ 2



Zòn entèvansyon 3 & 4 (FA3 & FA4)

Altènativ 1 & 2

